

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungntikan nyaéta méthode ékspérimén. Sugiyono (2013, kc. 107) ngajéntrékeun yén panalungtikan ékspérimén bisa diartikeun salaku méthode panalungtikan nu digunakeun pikeun néangan pangaruh perlakuan ti nangtu kana hal nu séjén dina kondisi nu terkendali. Ieu méthode digunakeun dumasar kana sipat panalungtikan ékspérimén nyaéta nyobaan hiji hal pikeun mikanyaho pangaruh atawa akibat tina hiji perlakuan atawa *treatment*. Méthode panalungtikan ékspérimén nyaéta hiji méthode percobaan nu udaganna neuleuman hiji hal atawa hiji masalah nu dicokot nepi ka meunangkeun hasil. Dumasar kana pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén méthode panalungtikan ékspérimén nyaéta méthode percobaan pikeun nalungtik kana hiji hal masalah nu di talungtik nepi ka meunangkeun hasil.

Dina méthode ékspérimén, aya sababaraha bentuk nya éta *Pre-Experimental*, *True Experimental*, *Factorial*, jeung *Quasi Experimental*. Panalungtikan anu digunakeun nya éta panalungtikan kuantitatif jeung *studi quasi eksperimen*, nyaéta hiji ékspérimén nu dilakukeun dina hiji kelompok tanpa ngagunakeun kelompok séjén salaku pembanding atawa kelompok kontrol (Sugiyono, 2013. kc. 110).

3.2 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho pangaweruh dilarapkeunna méthode *Blended Learning* kana kamampuh nulis siswa dina mata pangajaran Aksara Sunda kelas VII C di SMP Negeri 2 Kotabaru Karawang. Ieu panalungtikan ngagunakuen pamarekan kuantitatif jeung méthode panalungtikan kuasi ékspérimén.

Désain nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *pre-test* jeung *post-test*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pre-test* nu salanjutna dibéré *treatment* (perlakuan) sangkan mikanyaho tingkat kamampuh nulis siswa dina mata pangajaran aksara Sunda. Sarta modél ékspérimén *One Group Pretest-Posstest Design*. Mangka dina ieu désain aya *pre-test* saacan dibéré perlakuan. Ku kituna, hasil perlakuan bisa dipikanyaho sacara leuwih akurat, sabab bisa dibandingkeun

jeung kaayaan saacan dibéré perlakuan. Ieu désain bisa digambarkeun saperti di handap (Sugiyono :2013, kc.74) :

O₁ X O₂

Keterangan :

O₁: peunteun *pre-test* (kamampuh nulis aksara Sunda saméméh dilarapkeun métode *Blended Learning*)

O₂: peunteun *post-test* (kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning*)

X : perlakuan/*treatment* pangajaran ngagunakeun métode *Blended Learning*

3.3 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas VII C SMP Negeri 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023. Sumber data baris dijéntrékeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Sumber Data

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
VII C	20	19	39

Patali jeung data nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta kamampuh nulis aksara Sunda dina unggal tés. Data nu kahiji dicokot nalika *pre-test* nu hartina, kamampuh nulis aksara Sunda saméméh dilarapkeun métode *Blended Learning*. Nu kadua nyaéta dina *post-test* anu hartina, kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning*.

3.4 Lokasi Panalungtikan

Tempat panalungtikan anu judulna “Métode *Blended Learning* dina Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023)” dilakukeun di SMP Negeri 2 Kotabaru nu alamatna di Jl. Perum. BMI, Cikampek Utara, Kota Baru, Karawang, Jawa Barat 41374.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan kuantitatif digunakeun instrumén pikeun ngumpulkeun data. Lantaran, dina prinsipna nalungtik nyaéta ngalakukeun hiji pengukuran, mangka kudu aya alat ukur nu hadé. Alat ukur dina panalungtikan biasana disebut instrumén panalungtikan. Jadi, instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur fenomena alam atawa sosial anu ditalungtik. Sacara

Rita Nurazhar, 2022

MÉTODE BLENDED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | revository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

spesifik sakabéh fenomena ieu disebut variabel panalungtikan (Sugiyona:2013, kc.102). Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nalika prosés ngumpulkeun data panalungtikan nya éta instrumén dina wangun angkéj jeung tés dina wangun tinulis.

Angkéj nyaéta kumpulan patalékan anu kudu dilengkepan ku résponden ilaharna dina wangun tinulis. Wangun angkéj kabagi jadi angkéj terbuka jeung angkéj tertutup (Sudarmansyah, 2014. kc.45). Angkéj mangrupa kumpulan patalékan anu ngabutuhkeun jawaban boh saluyu boh teu saluyu ti résponden. Dina ieu panalungtikan, siswa anu bakal jadi responden. Diayakeun angkéj téh pikeun maluruh kasugemaan kana métode *Blended Learning* sarta pikeun mikanyaho bédana diajar sacara *online* jeung diajar sacara tatap muka, sabab jawaban anu dikumpulkeun bakal jadi tinimbangan keur ngamekarkeun métode *Blended Learning* ka hareupna. Ku kituna, data angkéj téh sakur jadi data panglengkep hungkul. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap kumpulan patalékan nu bakal diajukeun ka siswa.

Tabél 3.2
Angkéj Siswa

No.	Patalékan	SP	S	KS	TS
1.	Diajar ngagunakeun métode ceramah biasa sakapeung pikaboseneun.				
2.	Métode <i>Blended Learning</i> bisa jadi alternatif nalika diajar ngagunakeun métode ceramah teu éféktif.				
3.	Métode <i>Blended Learning</i> leuwih <i>flexible</i> lantaran bisa dilakukeun di imah jeung di sakola.				
4.	Dina pangajaran nu ngagunakeun métode <i>Blended Learning</i> materina bisa dibalikan deui iraha waé jeung sabaraha kali waé.				
5.	Loba <i>platform</i> média sosial anu bisa digunakeun nalika diajar sacara <i>online</i> , jadi henteu matak bosen.				
6.	Siswa leuwih resep diajar ngagunakeun métode <i>Blended Learning</i> , sabab leuwih variatif nalika diajarna.				
7.	Dina pangajaran <i>Blended Learning</i> nalika siswa can paham kana hiji matéri bisa nanya ka guru				

Rita Nurazhar, 2022

MÉTODE BLENDED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | revository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	ngagunakeun média sosial <i>WhatsApp</i> .				
8.	Siswa jadi leuwih mandiri nalika diajar sacara <i>Blended Learning</i> .				
9.	Diajar sacara <i>online</i> sakapeung mah nyieun siswa jadi sosok anu individual.				
10.	Diajar nu ngagunakeun métode <i>Blended Learning</i> jadi leuwih ramé.				

Ket.

SP: Satuju Pisan

S: Satuju

KS: Kurang Satuju

TS: Teu Satuju

Tés tulis nu bakal dipaké nyaéta dina wangun uraian (ésai). Ieu instrumén dipilih sangkan mikanyaho pamahaman siswa kana materi. Anapon dina ieu panalungtikan instrumén tés dilakukeun dina dua tahap nya éta *pre-tes* jeung *post-tes*. Ieu instrumén dilakukeun pikeun mikanyaho tingkat pamahaman sarta ngaronjat henteuna kamampuh nulis aksara Sunda siswa. Matéri anu diujikeun sabudeureun aksara Sunda ngawengku vokal, konsonan, rarangkén, jeung angka.

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés paréntah pikeun ngarobah sababaraha soal kalimah nu basajan tina aksara Latén kana aksara Sunda. Tés paréntahna, saperti ieu di handap:

Tabél 3.3
Soal Tés Siswa

<p>Wasta :</p> <p>Kelas :</p> <p>Robah kalimat dihandap kana aksara Sunda!</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Nagara Indonesia 2. Basa Sunda 3. Taun 1945 4. Kota Bandung 5. Dodol Garut 6. Aksara Latén 7. Mié goréng 8. Langlayangan 9. Saté maranggi 10. 28/10/1928
--

Ieu soal ngawengku aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén, jeung angka. Saméméh nyieun soal, perlu dijieun heula kisi-kisina. Kisi-kisi soal diperlukeun sangkan soal nu bakal dijieun téh puguh watesan jeung leuwih bisa dilelempeng. Kisi-kisi soal nu dimaksud nyaéta kisi-kisi soal kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda.

Soal tés miboga tujuan pikeun maluruh kamampuh siswa dina nulis kalimah basajan dina aksara Sunda. Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina waktu ngajén hasil gawé siswa. Hal-hal anu kudu diperhatikeun téh nya éta saperti format penilaian ieu.

Tabél 3.4
Aspék Nulis Aksara Sunda

Aspék nu dinilai	Kritéria	Skor
Kateptan nulis aksara swara	Hadé Sedeng Kurang	0-20
Kateptan nulis aksara ngalagena	Hadé Sedeng Kurang	0-20
Kateptan nulis rarangkén	Hadé	0-20

	Sedeng Kurang	
Katepatan nulis angka	Hadé Sedeng Kurang	0-20
Karapihan tulisan	Hadé Sedeng Kurang	0-20
Jumlah		0-100

Tabél 3.5
Pedoman Penulisan Aksara Sunda

Katégori	Nilai	Indikator
Hadé pisan	90-100 (A)	Dina panulisan Aksara Sunda geus sampurna jeung teu pati loba kasalahan anu matak ngaruksak harti tulisan, boh dina nuliskeun aksara swara, ngalagena, rarangkén, jeung angka.
Hadé	89-70 (B)	Dina nulis Aksara Sunda geus hadé, tapi masih kénéh kapanggih kakurangan dina nulis Aksara Sunda boh dina aksara swara, aksara ngalagena, atawa rarangkén nu matak ngarobah harti.

Rita Nurazhar, 2022

MÉTODE BLENDED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023)
Universitas Pendidikan Indonesia | revository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cukup	69-50 (C)	Dina nulis Aksara Sunda masih loba kasalahan anu bisa ngarobah kana harti jeung bisa ngaruksak ma'na, tapi siswa geus apal kana aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén jeung angka.
Goréng	49-30 (D)	Masih loba kasalahan dina nulis Aksara Sunda. Siswa teu pati apal kana Aksara Sunda.

Anapon dina ieu panalungtikan instrumen tes dilakukeun ka siswa dina dua tahap, nyaéta:

1) *Pre-test*


Pre-test dilakukeun di awal saacan pangajaran dimulai jeung saacan dibéré perlakuan.

2) *Post test*

Post test dilakukeun dina pertemuan terahir nalika sakabéh indikator geus ditepiken ku guru. *Post test* dibérékeun ka siswa sanggeus dilakukeun perlakuan.

3.6 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu dilaksanakeun. Ku ayana prosedur, mantuan panalungtikan sangkan sistematis. Sacara jembar, prosedur panalungtikan nu dilaksanakeun téh digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Sacara jembar, léngkah-léngkah nu dipilampah téh saperti ieu di handap.

- 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis
Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngalakukeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMPN 2 Kotabaru Karawang ngeunaan masalah atawa pasualan anu karandapan di kelas nalika diajar matéri aksara Sunda hususna di kelas VII C nyaéta siswa masih awam kana aksara Sunda, ampir sakabéh siswa can wanoh kana bentuk aksara Sunda.
- 2) Rumusan Masalah
Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah anu karandapan nyaéta kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 kotabaru Karawang dina aspék aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén jeung angka.
- 3) Raraga Tiori
Dina ieu raraga tiori dipedar ngeunaan tiori métode konvensional ceramah, tiori métode *Blended Learning*, tiori kaparigelan nulis, jeung tiori aksara Sunda.
- 4) Ngarumuskeun hipotésis
Dina ieu hipotésis ngagunakun hipotésis alternatif, hipotésis nol jeung hipotésis statistik.
- 5) Ngarumuskeun instrumén
Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés tulis jeung angkét.
- 6) Ngumpulkeun data (*pre-test, treatment, post-test*)
Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés nu dilakukeun ka siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang. Tés dilakukeun dua kali nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. *Pre-test* dilakukeun saméméh *treatment*, udaganna pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh dilarapkeun métode *Blended Learning*. Sedengkeun *post-test* dilakukeun sanggeus *treatment* anu udaganna pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda siswa sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning*.

7) Analisis data

Pikeun nganalisis data *pre-test* jeung *post-test* anu geus aya, panalungtik ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi SPSS PASW ver 25 pikeun nganalisisna.

8) Nyusun Laporan

Panalungtikan sanggeus ngalakukeun tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, tahap ahirna nyaéta panalungtik nyusun laporan panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh maké téhnik tés jeung angkét. Téhnik tés dilaksanakeun saméméh jeung sanggeus uji coba métode *Blended Learning* dina pangajaran aksara Sunda. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa nulis révéni pilem pondok saméméh jeung sanggeus métode *Blended Learning*. Sedangkeun angkét dipaké pikeun mikanyaho bédana kasugemaan siswa kana métode ceramah jeung métode *Blended Learning*. Udaganana pikeun implikasi panalungtikan jeung kamekaran métode *Blended Learning* kahareupna.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

1. Siswa dibéré tés awal (*pre-test*) pikeun ngukur kamampuh siswa dina kamampuh nulis aksara Sunda saméméh dilarapkeun métode *Blended Learning*. Tés awal dilakukeun sapoé saacan pangajaran lumangsung, soal *pre-test* eusina luyu jeung anu geus disusun dina instrumén panalungtikan. Léngkah migawé soal, guru ngabagikeun salambar soal tuluy siswa ngajawab soal aksara Sunda anu jumlahna 10 soal dina salambar kertas. Sanggeus mikanyaho hasil kamampuh nulis aksara Sunda saméméh dilarapkeun métode *Blended Learning*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran nulis aksara Sunda kalayan ngagunakeun métode *Blended Learning*.
2. Nepikeun matéri aksara Sunda kalayan ngagunakeun métode *Blended Learning* anu dibantuan ku média *Youtube* dina lumangsungna prosés pangajaran anu disebut *treatment* (perlakuan). Dina prosés *treatment*

(perlakuan) siswa diperedih nongton sarta neuleuman materi anu aya dina éta video, tuluy pikeun mikanyaho pamahaman siswa dilakukeun kuis dina média *Quiziz*.

3. Sanggeus ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré tés ahir (*post-test*) pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning*.

3.8 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis ngolah data dilakukeun pikeun medar jawaban tina data anu geus dikumpulkeun. Data anu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis pikeun ngajawab hipotésis. Ieu téhnik ngolah data tujuanana pikeun mikanyaho hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa, sarta bisa maluruh masalah anu karandapan ku panalungtik dina ngalakukeun panalungtikan. Sangkan ieu udagan bisa kahontal, anapon léngkah-léngkah panalungtikan ieu di handap.

a. Peunteun

Hasil *pre-test* jeung *post-test* dipariksa jeung dianalisis anu satuluyna ditabulasikeun, tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa, standar deviasi jeung varians tina masing-masing hasil kerja siswa. Pikeun mikanyaho peunteun atahna digunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum B}{\sum KT} \times 100$$

Keterangan:

P = Peunteun

$\sum B$ = Peunteun anu kahontal

$\sum KT$ = Peunteun maksimal

Kategori: peunteun ≥ 70 siswa dianggap mampuh nulis Aksara Sunda.

peunteun ≤ 70 siswa dianggap can mampuh nulis Aksara Sunda.

- b. Ngasupkeun data peunteun tés awal jeung tés ahir kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.6

Data Peunteun Tés Awal jeung Ahir

No.	Nomor Absen Siswa (NAS)	Peunteun Tés Awal	Peunteun Tés Ahir

3.8.1 Uji Persaratan Analisis

a) Uji Sifat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas sangkan mikanyaho normal atawa henteuna data sarta ngalaksanakeun uji hipotésis. Dina ieu panalungtikan, data diolah ogé dianalisis maké aplikasi SPSS (*Statistical Product and Service Solution*) PSAW versi 25.

b) Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho naha distribusi variabel miboga kurva normal atawa henteu. Pikeun data nu berdistribusi normal mangka téhnik analisis statistik paramétris bisa digunakeun. Sedengkeun pikeun dataa nu henteu berdistribusi normal mangka digunakeun statistik nonparametris pikeun pengujian hipotesisna.

Uji normalitas miboga fungsi pikeun mikanyaho normal atawa henteu na data anu dipaké dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 76) hiji data ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-rata nyaéta sarua, kitu ogé simpangan baku na. Aya sababarah métode pikeun nguji asumsi normal henteuna data. Salasahiji na nyaéta *Kolmogorov-Smirnov* (KS) atawa *Shapiro Wilk* (SW). Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_1 : distribusi data normal

H_0 : distrtibusi data henteu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji Kolmogorov-Smirnov, ku taraf signifikan 95% ($\alpha=0,05$). Kritéria ngujina saperti kieu.

H_1 ditarima, lamun nilai sig, (signifikan) $\geq 0,05$

H_0 ditolak, lamun nilai sig, (signifikan) $\leq 0,05$

c) Uji Hipotésis

Aya dua acara pikeun nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusi normal, éta data dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistic parametric kalawan ngagunakeun T-tes, kalawan ngagunakeun *Paired T-Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

Rita Nurazhar, 2022

MÉTODE BLENDED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023*)
Universitas Pendidikan Indonesia | revository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

H_a (Hipotesis Alternatif) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métode *Blended Learning*.

H_0 (Hipotesis Nol) : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang saméméh jeung sanggeus ngagunakeun métode *Blended Learning*.